# आकाशवाणी, गोरखपुर

**<u>दिनांक–10 सितम्बर 2025</u>** **<u>भोजपुरी समाचार</u>**

केन्द्र सरकार भारतीय नागरिकन के हालति सामान्य भइले ले नेपाल क जतरा न कइले क सलाहि दिहले हौ। एगो रिपोर्ट–

**सरकार ने नेपाल में भारतीय नागरिकों को अपने वर्तमान निवास स्थानों पर ही रहने, सड़कों पर जाने से बचने और पूरी सावधानी बरतने की सलाह दी है। सरकार ने काठमांडू स्थित भारतीय दूतावास के हेल्पलाइन नंबर जारी किए हैं। नंबर हैं 977 – 980 860 2881 और 977 – 981 032 6134। किसी भी सहायता के लिए इन नंबरों पर संपर्क किया जा सकता है। अमन की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से मैं, मुकेश कुमार बल।**

प्रदेस सरकारो पड़ोसी देस नेपाल में बढ़त संकट के देखत ओकरे सीमा से लागल अपने सज्जो जिलन में चउबीसो घंटा क हाई अलर्ट घोसित कइले बा। एगो रिपोर्ट–

**नेपाल में फंसे भारतीय नागरिकों की सहायता के लिए पुलिस मुख्यालय लखनऊ में एक विशेष नियंत्रण कक्ष स्थापित किया गया है। यहां पर तीन हेल्पलाइन नंबर और एक व्हाट्सएप नंबर चौबिसों घंटे संचालित रहेंगे। जिसके माध्यम से नागरिक सीधे मदद हासिल कर सकेंगे। ये नंबर हैं – 0522–2390 257 और 0522–2724 010. व्हाट्सएप नम्बर है – 945 440 1674 इसके अलावा, पुलिस मुख्यालय की सोशल मीडिया इकाई को भी निर्देशित किया गया है कि नेपाल से जुड़े किसी भी संवेदनशील सूचना या पोस्ट की लगातार निगरानी की जाए और जरूरत पड़ने पर तत्काल कार्रवाई की जाए। सुशील चंद्र तिवारी, आकाशवाणी समाचार, लखनऊ।**

येह बिच्चे, एयर इंडिया अउर इंडिगो के सथहीं अउरियो एयरलाइनो कठमांडू जाये वाली आपन उड़ान रद्द कइ दिहलीन।

**********

मॉरिशस क प्रधानमंत्री डॉ. नवीन चन्द्र रामगुलाम भारत क आठ दिन के जतरा के दुसरका दिन्ने आजु बनारस पहुंचि रहल हवें। उहां के बिहने बनारसे में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के साथे द्विपक्षीय बइठकी में सामिल होइबि। प्रस्तावित कार्यक्रम के ले के पुरहर तइयारी कइल गइल बा। हमरे बनारस प्रतिनिधि बतवलें कि द्विपक्षीय बइठकी के दौरान स्वास्थ्य, सिक्षा, विज्ञान अउर प्रौद्योगिकी, ऊर्जा, बुनियादी ढांचा के साथे–साथे नवीकरणीय ऊर्जा, डिजिटल सार्वजनिक बुनियादी ढांचा आ नीली अर्थव्यवस्था जइसन उभरत क्षेत्रन में सहजोग बढ़वले के अवसरो पर चरचा हो सके ला।

**********

मुख्यमंत्री अउर गोरक्षपीठाधीश्वर योगी आदित्यनाथ अपने गोरखपुर दौरा के दुसरका दिन्ने आजु ब्रह्मलीन महंत दिग्विजयनाथ क छप्पनवीं आ महंत अवेद्यनाथ क इग्यारहवीं पुण्यतिथि के उपलक्ष्य में सरधांजलि समारोह में हिस्सा लिहलें। येह मौका पर अपने सम्बोधन में मुख्यमंत्री कहलें कि कउनों मनई अयोग्य नाहीं होला, जरूरति होला त मनई के योग्यता क पहिचान कइ के ओके सही दिसा देवे वाला गुरू कै। गोरक्षपीठ कै ब्रह्मलीन महंतद्वय हमेसा योजक क भूमिका निभा के समाज अउर देस के दिसा देखवलें।

मुख्यमंत्री गोरखपुर में कई गो अउरियो कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। एगो रिपोर्ट–

**मुख्यमंत्री ने प्रदेश के प्रथम मुख्यमंत्री और देश के गृहमंत्री रहे भारत रत्न, पंडित गोविंद वल्लभ पंत की 138वीं जयंती के अवसर पर गोरखपुर में उन्हें अपनी भावभीनी श्रद्धांजलि दी। गोरखनाथ मंदिर के कार्यालय परिसर में पंडित पंत के चित्र पर पुष्पांजलि अर्पित करने के बाद मुख्यमंत्री ने कहा कि स्वतंत्रता प्राप्ति के बाद की चुनौतीपूर्ण परिस्थितियों में पंडित पंत जी ने उत्तर प्रदेश के विकास के लिए सकारात्मक कदम उठाए। इससे पहले मुख्यमंत्री ने जनता दर्शन कार्यक्रम में आए सैकड़ों लोगों की समस्याएं सुनीं और उनके निस्तारण के निर्देश दिए। गिरीश नारायण चौबे की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी स्वतंत्रता दिवस पर लाल किला के प्राचीर से दिवाली ले अगिला पीढ़ी क वस्तु अउर सेवा कर–जीएसटी सुधार क घोसणा कइले रहलें। तीनि सितम्बर के जीएसटी परिषद आम अदमी पर धियान केन्द्रित करत दरन के युक्तिसंगत बनवले क मंजूरी दे दिहलस। हस्तसिल्पि क्षेत्र बदे कइल गइल जीएसटी सुधारन के ले के प्रस्तुत बा एगो रिपोर्ट–

***सरकार हस्त सिल्प समानन पर जीएसटी दर के बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दिहले बा। एहसे कारीगरन अउर पारम्परिक सिल्प क्षेत्र के ढेरे प्रोत्साहन मिली। एकर उद्देस्य भारतीय हस्त सिल्प क उपभोक्ता लोगिन बदे ढेरे सुलभ अउर वैस्विक बजारि में बेसी प्रतिस्पर्धी बनावल हौ। येह कदम से सरकार क लक्ष्य भारत क सांस्कृतिक अर्थव्यवस्था के मजबूत कइल, ग्रामीण आजीविका के सहारा दीहल अउर सदियों पुरान सिल्प परम्परा के संरक्षित कइल हौ। चेंबर ऑफ कॉमर्स क वित्त सलाहकार प्रवीण साहू येह जीएसटी सुधार क स्वागत कइले हवें। आकाशवाणी नई दिल्ली से रोहन अउर इशानी यादव के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता ।***

**********

मौसम विभाग बिहने अउर बारह सितम्बर के पूरबी उत्तर प्रदेस के उत्तरी इलाका में कहीं–कहीं भारी बरखा क धिरवनिया दिहले हौ।

**********